# ATQARÍWSHÍLÍQ TEXNIKASÍN RAWAJLANDÍRÍW ÚSTINDE ISLEW

**Jumabaev A.E.**
*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Annotaciya:** Bul maqalada saz ásbaptı atqarıw usılları, olarda atqarıwshılıq texnikanı kúsheytiw, shınıǵıwlardı durıs úyreniw haqqında aytıp ótilgen.

**Gilt sózler:** demli ásbaplar, shınıǵıw, muzıka, orkestr, atqarıwshı, mádeniyat.

**Аннотация:** В данной статье рассказывается о методах игры на музыкальном инструменте, закреплении исполнительской техники на них, правильном обучении упражнениям.

**Ключевые слова:** духовые инструменты, упражнение, музыка, оркестр, исполнитель, культура.

**Annotation:** This article describes the methods of playing a musical instrument, fixing the performing technique on them about the right exercises.

**Keywords:** wind instruments, exercise, music, orchestra, executor, culture.

Ózbekstan húkimeti tálim sistemasın jetilistiriw, ósip kiyatırǵan jas áwladtı estetikalıq tárbiyasın jáne de jaqsılaw boyınsha mudamı ǵamxorlıq etip kelmekte. Qánigeler tayarlaw sapasın kóteriw, jaslardı milliy patriotlıq ruwxında tárbiyalaw - bulardıń barlıǵı oqıtıw mazmunı hám usılın jetilistiriwdi talap etedi. Bul wazıypanı sheshiw professor-oqıtıwshılarınıń aldına tálimniń tárbiyalıq rolin asırıw, pedagogikalıq sheberligin jetilistiriw, aldınǵı, zamanagóy pedagogikalıq usıllardan keń paydalanıw máselelerin qoyadı. Usı mánisten alıp qaraǵanda demli (urma) saz-ásbaplar atqarıwshılıǵı páni jeke atqarıwshılıǵı páni aldında da úlken, juwapkershilikli wazıypalardı qoyadı.

Demli (urma) saz ásbaplar atqarıwshılıǵı páni wazıypası keleshekte óz betinshe, jeke túrde orkestr artisti hám muzıka mektepleri oqıtıwshıları sıpatında islew ushın kerekli bilim hám kónlikpelerge iye bolǵan qánigelerdi tayarlawdan ibarat esaplanadı. Sol múnásibet penen tarlı ásbaplar atqarıwshılıǵı páni oqıwshılarǵa atqarıwshılıq kónlikpelerin úyretiwi, olardı muzıkalıq kórkem wazıypalardı sheshe alatuǵın dárejede tárbiyalawı, notanı qaǵazdan oqıw kónlikpelerin tárbiyalawı, shıǵarma hám oqıw-járdemshi material ústinde óz betinshe islewdi úyretiwi kerek.

Demli (urma) saz ásbaplar atqarıwshılıǵı páni oqıtıwshısı - oqıwshınıń tiykarǵı basshısı bolıp tabıladı. Óz jumısında ol oqıw hám tárbiya proceslериniń bir pútinligine jetilistiriwi kerek. Qánigelik shınıǵıwları menen shegaralanıp qalmastan, oqıtıwshı oqıwshınıń oqıw hám jámiyetshilik ómiriniń barlıq tárepleri menen qızıǵıwshılıǵı, onıń muzıkalıq qızıǵıwshılıǵın rawajlandırıwı, oǵan kórkem ónerdiń joqarı social áhmiyetin túsindiriwi, ulıwma hám muzıkalıq rawajlanıwın baǵdarlawı, kórkem talǵamın tárbiyalawı, muzıkalıq-teoriyalıq bilimlerin tereńlestiriwi, ózine

joqarı talap etiwshilik, dóretiwshilik ǵayrat hám juwapkershilik sezimin, qıyınshılıqlardı individual saplastırıwda bekkem shıdamlılıq kúshin tárbiyalawı kerek. Demli (urma) saz ásbaplar atqarıwshılıǵı páni oqıtıwshısı, oqıwshıda óz watanınıń kórkem ónerine, xalıq dóretiwshiligine, ózbek-qaraqalpaq eski muzıkasına, ózbek-qaraqalpaq kompozitorlarınıń eń jaqsı dóretpelerine muhabbatın tárbiyalaydı, dúnya muzıka mádeniyatı miyraslarına sınshılıq hám dóretiwshilik múnásibette bolıwǵa úyretedi. Professor-oqıtıwshınıń aldında turǵan wazıypaları, oqıwshınıń individual qásiyetlerin, ózın tutıp biliwdi talap etedi. Usınıń sebebinen demli (urma) saz ásbaplar atqarıwshılıǵı páni oqıtıwshı basqa pán oqıtıwshıları, ata-analar menen mudamı baylanısta bolıwı, oqıwshınıń ózlestiriwi hám qatnasın qadaǵalap barıwı, oqıw waqtınan nátiyjeli paydalanıwda járdem beriwi kerek. Oqıtıwshınıń iskerligi, onıń minez-qulqı hám jeke kórinisi oqıwshılar ushın ibrat bolıp xızmet etiwi zárúr.

Atqarıwshılıq texnikasın ósiriwde gamma, etyud hám shınıǵıwlardıń áhmiyeti úlken. Studentti ásbaptı qolǵa alǵannan baslap gamma shertip erinlerin bulshıq etlerdi qızdırıwǵa úyretiw kerek. Bunda, student atqarıwı kerek bolǵan nama tonallıǵındaǵı gammanı shertiwi bólek áhmiyetke iye boladı. Ádette shınıǵıwlar úyrenilip atırǵan shıǵarmadaǵı quramalı jerlerdi ózlestiriwge xızmet etedi hám sol sebepli shınıǵıwlar oqıtıwshı tárepinen islep shıǵıladı. Oqıwshınıń atqarıwshılıq sheberligin qáliplestiriw, texnikasın ósiriw maqsetinde turaqlı túrde tiykarǵı shıǵarmalarǵa qosımsha túrde etyudlar usınıs etiledi. Usınıs etiletuǵın etyudlar studenttiń atqarıwshlıǵındaǵı ázzi táreplerin rawajlandırıwǵa qaratılsa, maqsetke muwapıq boladı.

Ásbapta atqarıwshılıqtı úyretiw boyınsha oqıw shınıǵıwların shólkemlestiriwdiń tiykarǵı forması-jeke sabaq bolıp tabıladı. Hárbir sabaq mazmun tárepinen pitken bolıp, anıq maqsetke erisiw ushın jóneltirilgen bolıwı kerek (jańa materialdı úyreniw, kónlikpelerdi ózlestiriw hám olardı bekkemlew, tákirarlaw, bilim hám kónlikpeler ózlestiriliwdi baqlaw hám esapqa alıw hám basqalar).

Shınıǵıwǵa tayarlanıw procesinde oqıtıwshı sabaqtıń bas maqsetin anıqlap, onı sheshiw ushın zárúr usıllardı tańlap aladı. Oqıw procesin joybarlaw hám shólkemlestiriw jumısı oqıtıwshı tárepinen tuwrı ámelge asırılǵannan soń, ol basshılıq wazıypasın atqaradı.

Sabaqtıń tiykarǵı belgisi tálimde nelerge erisiw kerekligin kórsetiwshi didaktikalıq maqset bolıp, soǵan tiykarınan sabaqlardı ayrıqsha túrlerge bóliw múmkin: 1) jańa materialdı úyreniw hám kónlikpelerdi payda etiwge arnalǵan sabaq; 2) aldın ótilgen materialdı tákirarlaw hám ulıwmalastırıw sabaǵı; 3) bilim hám kónlikpelerdi baqlaw hám esapqa alıw sabaǵı; 4) birneshe maqsetti óz ishine alǵan aralas sabaq.

1. Jańa materialdı úyreniw hám kónlikpelerdi payda etiwge arnalǵan sabaqtıń tiykarǵı usılı - túsindiriw. Biraq sabaqtıń kirisiw bóliminde oqıwshı jańa materialdı aktiv qabıl etip alıwǵa tayarlaw zárúr boladı. Bunday tayarlıqtı oqıwshılardaǵı ámeldegi bilimler tiykarında hám olar menen baylanıslı túrde alıp barıw jaqsı nátiyje beredi. Sabaqtıń bul túrine jańa muzıka shıǵarmasın úyreniw procesin mısal etip alatuǵın bolsaq, ol jaǵdayda sabaqtıń tiykarǵı maqseti sol

shıǵarmanıń qandayda bir bólegin zárúr bolǵan barlıq háreketler, atqarıwshılıq usılları hám belgilerin esapqa alıp, tereń analiz etiw hám atqarılǵannan keyin teoriyalıq juwmaq shıǵarıwdan ibarat boladı. Bul juwmaq birneshe jóneliste bolıwı múmkin. Mısalı, ulıwma muzıka shıǵarması haqqında, onı atqarıw ushın zárúr kónlikpelerdi payda etiw usılları, muzıkalıq pikirdiń baǵdarı h.t.b. Juwmaqtan tiykarǵı maqset mınada, oqıwshı atqarıp atırǵan shıǵarmanı teoriyalıq tárepten tuwrı túsinip, ámeliy analiz wazıypasın kereklishe sheshe alsın.

Usı sabaq túriniń keyingi basqıshında oqıwshı ózlestirgen bilimler bekkemlenedi. Bunda atqarıp atırǵan shıǵarma bólimleriniń bir-birine uqsas jayların hám qanday atqarıwshılıq metodikası hám usıllarınan paydalanıw kerekligi hám basqalardı anıqlaw járdem beredi.

Ásbapta atqarıwdı úyretiw hám úyreniw procesi tek ǵana muzıka shıǵarmaların úyreniw hám atqarıwshılıǵı menen shegaralanıp qalmastan, bálkim oqıwshılar tárepinen málim kónlikpelerdi payda etiwdi názerde tutadı. Bul kónlikpelerdiń kólemi hám sanı baǵdarlamalarda kórsetiledi. Áspabtaǵı atqarıwshılıq kónlikpelerine hár túrli quramalılıqtaǵı atqarıwshılıq metodikası hám usılları, gamma hám úshseslikler, D7, SII7 aylanısları hám hár kúngi shınıǵıwlar kiredi. Oqıwshı ol yamasa bul kónlikpeni payda etiw jolların anıq kóz aldına keltiriwinde oqıtıwshı oǵan jaqınnan járdem beredi.

Solay etip, jańa materialdı úyreniw hám kónlikpelerdi payda etiwge arnalǵan sabaqtıń dúzilisin tómendegishe kórsetiw múmkin: 1) kirisiw bólimi - atqarılatuǵın shıǵarma tuwrısındaǵı ulıwma maǵlıwmattı bayanlaw hám sabaqtıń maqsetin anıqlaw; 2) kónlikpe payda etiwdi teoriyalıq tárepten tiykarlaw hám ámelde atqarıw; 3) payda bolǵan bilim hám kónlikpelerdi analiz etiw hám sol tiykarda juwmaq shıǵarıw; 4) alınǵan bilim hám kónlikpelerdi hár túrli shınıǵıwlar járdeminde bekkemlew; 5) úyge berilgen wazıypasın belgilew.

2. Aldın ótilgen materialdı tákirarlaw hám ulıwmalastırıw sabaǵı. Bilim hám kónlikpelerdi tákirarlaw hám ulıwmalastırıw joqarıda kórip shıǵılǵan sabaq túrlerinde de ushırasadı. Bunda ol bilimdi ózlestiriw procesiniń elementi sıpatında xızmet etedi. Aldın ótilgen materialdı náwbettegisi menen bolıw ushın tákirarlaw qollanıladı, biraq bunday tákirarlawdaǵı oqıw materialı salıstırǵanda kishi kólemge iye boladı. Mısal ushın muzıka shıǵarmasın úyreniw procesine shaqırıq etemiz. Jańa materialdı úyreniw sabaǵında namanı bólimlerge bolıp úyreniw maqsetke muwapıq keledi. Ayırım bólimler ózlestirilgennen keyin, olardı pútin tárizde (toqtamastan) atqarıwshılıq wazıypası turadı. Buǵan erisiw ushın oqıwshı tákirarlaw hám ulıwmalastırıw jumısların atqaradı. Muzıka shıǵarmasın pútin tárizde atqarıwda muzıkalıq pikirlerdiń baslanıwı hám tamamlanıwın, baǵdarı hám háwiji (kulminaciyası) belgilep alıw zárúrli áhmiyetke iye. Bunnan tısqarı, oqıwshıda muzıka shıǵarmasınıń forması haqqında anıq kóz aldına keltiriwi kerek.

Bul túrdegi sabaqta oqıwshı muzıka shıǵarmasın tolıq analiz ete alıwǵa da úyretip barıladı. Onıń ushın ayırım sorawlarǵa juwap tabıw, sóz arqalı muzıka shıǵarmasınıń ulıwma keyipi, forması hám baǵdarın ayta alıw wazıypaları qoyıladı. Tákirarlaw hám ulıwmalastırıw sabaǵında kerekli muzıka jazıwların tıńlaw da óziniń jaqsı nátiyjesin beredi.

Bunnan kórinip turıptı, ol da oqıtıwshı tańlap alǵan sabaq túrine qarap tákirarlaw hám ulıwmalastırıw sabaǵınıń dúzilisi túrlishe bolıwı múmkin. Kóbinese sabaqtıń bul túri óz ishine tómendegilerdi aladı: 1) Muzıka shıǵarmasınıń ulıwma dúzilisi tuwrısındaǵı sáwbet hám shıǵarmanıń analizi; 2) oqıwshınıń atqarıwshılıǵı ushın quramalı bólimlerdi bólek kórip shıǵıw; 3) shıǵarmanı pútin atqarıwshılıǵı; 4) juwmaq shıǵarıw; 5) úyge berilgen wazıypasın belgilew.

Bilim hám kónlikpelerdi baqlaw hám esapqa alıw sabaǵı. Bilimlerdi baqlaw hám esapqa alıw jumısı sabaq túrinen qaramastan, oqıtıwshı tárepinen hárbir shınıǵıwda ámelge asırıp barıladı. Bunday qadaǵalaw oqıwshılardıń ózlestiriw dárejesin, ózlestiriwde qollanılıp atırǵan usıllar nátiyjesin belgilew ushın júdá zárúr. Úzliksiz túrde alıp barılatuǵın qadaǵalaw oqıwshılarda óz iskerligi ushın juwapkerlik sezimin kúsheytedi. Qadaǵalaw hám esapqa alıw jumısın sabaqtıń barlıq túrleri dawamında ámelge asırılıwı menen bir qatarda onı bólek shınıǵıw sıpatında ótkerip turılıwı maqsetke muwapıqlıǵı tájiriybeden málim. Bilimlerdi baqlaw hám esapqa alıw jumısınıń tolıq kórinisin tekserip bolıp, ol imtixan yamasa sınaq formasında bolıwı múmkin. Bunda oqıwshı tálimniń sol basqıshı ushın belgilengen baǵdarlamanı atqaradı hám berilgen sorawlar tiykarında teoriyalıq bilimlerin awızsha aytadı. Imtixan yamasa sınaq waqtında oqıwshı jol qoyǵan qáte hám kemshiliklerdiń sebebin anıqlap, olardı saplastırıw ilajların belgilew oqıtıwshınıń tiykarǵı wazıypalarınan biri bolıp tabıladı.

Birneshe maqsetti óz ishine alǵan aralas sabaq. Kóbinese bir sabaq dawamında óziniń maqseti tárepinen túrlishe bolǵan birneshe wazıypanı orınlaw kerek boladı: úy wazıypasın tekseriw, tákirarlaw, jańa material menen tanısıw, onı bekkemlew h.t.b. Pedagogika páninde bunday sabaqtı aralas (kombinaciyalastırılǵan) sabaq dep júritiledi. Oqıwshılardıń múmkinshiliklerin esapqa alǵan halda bunday sabaqlardı tómendegishe dúziw múmkin: 1) úy wazıypasın tekseriw hám tákirarlaw; 2) jańa materialdı ózlestiriw hám tákirarlaw; 3) jańa materialdı ózlestiriw dárejesin tekseriw; 4) úy wazıypasın belgilew.

Atqarıwshılıq ámeliyatı tikkeley qánigelik páni menen baylanıslı. Sebebi studentler tolıq oqıw procesinde qánigelik klasında alǵan bilimleri hám atqarıwshılıq kónlikpelerin saxnada koncert baǵdarlamaları menen shıǵıwları arqalı kórsetip beredi. Konservatoriyada atqarıwshılıq ámeliyatı bakalavriat baǵdarı boyınsha 1-4 kurslarında ózlestiriledi. Atqarıwshılıq ámeliyatınıń maqset hám wazıypaları - studentlerdi óz betinshe túrde koncert atqarıwshılıq iskerligine, tájiriybe hám uqıpların arttırıwǵa hám atqarıwshılıq repertuardı tayarlawda kómek beriwden ibarat. Studentlerdi jeke atqarıwshı atqarıwshılıqqa tárbiyalaw, bul quramalı process esaplanıp oqıtıwshılar ózine úlken juwapkershilik júkleydi. Olar barlıq atqarıwshılıq quralları-muzıkalıq-kórkem, texnikalıq uqıpların bekkem iyelewleri kerek. Studentler ózlerin saxnaǵa shıǵıwlarına psixikalıq tárepten tayarlawları, saxnada ózlerin tuta biliwleri, qáweter hám tınıshsızlanıwdı jeńiwdi úyreniwi kerek. Bular oqıw procesi waqtında tájiriybe hám atqarıwshılıq ámeliyatı páni arqalı ámelge asırıladı.

Studentlerdi atqarıwshılıq uqıpların asırıwda, koncert atqarıwshılıq repertuardı ózlestiriwde, oqıw rejede belgilengen sınaq-imtixan hám akademiyalıq

koncertler, sonıń menen birge klass koncertleri, kompozitorlar dóretiwshiliginde arnalǵan kesheler, bayram koncertleri hám respublika hám xalıqaralıq tańlaw-festivallarda qatnasıwları olarǵa saxnada atqarıwshılıq iskerligine tayarlanıwda úlken járdem beredi.

Tálimniń arnawlı bir basqıshı talaplarına qarap sabaqtıń bólimleri málim dárejede ózgerip turadı hám usınıń menen birge hárbir sabaq barlıq sharayatta da ótilgen hám bolajaq sabaqlar menen baylanıslı halda alıp barılıwı kerek.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Nigmatov R. Damli cholg'ular orkestri. – T.: 2010.
2.Mirzakirov M. Trombon. – T.: 2010.
3. Apatskiy V. Духовое вибрато. – T.: 1979.
4. А.Жумабаев "Актуальные вопросы совершенствования исполнительского мастерства в музыкальном искусстве: традиции и современность" Сборник материалов республиканской научно – практической конференции 10 мая 2022 года.
5. А.Жумабаев "Вестник музыки и искусства" научно – методический журнал №1 2022 год.
6. Федотов А.А. О возможностях чистого интонирования при игре на духовых инструмен-тах / А.А. Федотов, В.В. Плахотский // Методика обучения игре на духовых инструментах / под общ. ред. Ю. Усова. – М., Музыка, 1966. – Вып. 2
7.Ягудин, Ю.О. О развитии выразителности звука // Методика обучения игре на духовых инструментах / Ю.О. Ягудин. – М., Музыка, 1991.
8. Федотов, А. Методика обучения игре на духовых инструментах / А. Федотов. –М., Музыка, 1995.
9. Жумабаев А. Е. Творческий путь Сапарбая Палванова //Культура в фокусе научных парадигм [Текст]: / научн. ред. Муза Д. Е., Каика Н. Е. – Донецк: ДонНУ, 2023. – Вып. 16. – 388 с. – С. 32-36.
10. Jumabaev Abdirasul Yerejepbayevich. (2023). Issues of Popularization and Popularization of the Performance of the Orchestra of Wind and Percussion Instruments among Listeners. Spanish Journal of Innovation and Integrity, 22, 31-34.
11. ЖУМАБАЕВ А. ИСПОЛНИТЕЛЬСКИЕ СРЕДСТВА ПРИ ИГРЕ НА ДУХОВЫХ ИНСТРУМЕНТАХ (МЕТОДИКА ОБУЧЕНИЯ ИГРЕ НА ТРОМБОНЕ) //Journal of Culture and Art. – 2023. – Т. 1. – №. 8. – С. 58-65.